

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF CHILD
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL TIMOUN**

POU ENFÒMASYON SÈLMAN– TANPRI PA RANPLI FÒMILÈ KI TRADUI A

Department of Edikasyon bonè ak swen (EEC) se Ajans Responsab nan Leta a ki responsab pou administre Fon Developman Swen Timoun nan (*Child Care Development Fund*) (CCDF), ki se yon sibvansyon blòk federal ki founi èd finansye pou fanmi ki gen revni ki ba, ki travay, k ap chache bon kalite edikasyon bonè ak pwogram swen deyò lè lekòl nan Massachusetts. Règleman Federal ak leta yo etabli limit maksimòm pou revni kay e yo egzije Paran yo patisipe nan yon aktivite bezwen sèvis ki apwouve, ki enkli travay, edikasyon oubyen pwogram fòmasyon.¹ Sou baz limite, yo ka akòde yon eksepsyon a egzijans revni ak aktivite ki lakòz bezwen pou sèvis yo pou yon Paran ki gen timoun ak yon andikap oubyen bezwen espesyal ki dokimante.

Seksyon 1A nan Chapit 15D nan Lwa Jeneral yo defini “timoun ak bezwen espesyal” kòm “yon timoun ki, akòz andikap tanporè oubyen pèmanan ki sòti nan faktè entelektyèl, sansoryèl, emosyonèl, fizik, oubyen anviwònmantal, oubyen lòt andikap aprantisaj spesifik, pa kapab oubyen pa t ap kapab pwogrese nan yon pwogram skolè nòmal ak efikasite.”

Yon Paran k ap chache yon sibvansyon swen timoun dwe etabli omwens yon bezwen pou sèvis tan-pasyèl (anplwayman, edikasyon ak/oswa fòmasyon) de 20 èdtan oubyen plis pa semèn pou kalifye pou swen pou timoun sibvansyone. Pou swen timoun tan-plen yon Paran dwe konfime yon bezwen pou sèvis valab de 30 èdtan pa semèn ou plis. Sou baz de ka a ka, Paran ki gen bezwen pou sèvis ki mwens pase èdtan pou tan-plen yo kapab mande EEC apwouve yon sibvansyon tan-plen pou pitit li baze sou bezwen espesyal timoun nan ki dokimante a.

Fòmilè sa a gen de (2) objektif: (1) verifye egzistans andikap/bezwen espesyal yon timoun; epi (2) konfime kalite pwogram ki ta pi byen adrese ak/oubyen amelyore andikap/bezwen espesyal la.

SEKSYON I: VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL

(se pou yon moun ki pwofesyonèl ranpli sa a)

Paran moun ki idantifye anba a te deklare konsa, baze sou andikap/bezwen espesyal timoun nan, li pa kapab oubyen pa t ap kapab pwogrese nan yon pwogram skolè nòmal ak efikasite poutèt andikap tanporè oubyen pèmanan ki sòti nan faktè entelektyèl, sansoryèl, emosyonèl, fizik, oubyen anviwònmantal, oubyen lòt andikap aprantisaj spesifik. Tanpri ranpli enfòmasyon anba a pou ede nou detèmine kijan nou te ka satisfè bezwen fanmi sa a.

Kiyès ki ka ranpli fòmilè sa a:

- Si andikap/bezwen espesyal la se de yon nati fizik, se pou yon doktè ki aktyèlman gen lisans ranpli fòmilè sa a.
- Si andikap/bezwen espesyal la sòti nan yon pwoblèm sante emosyonèl oubyen mantal, yon (1) doktè; (2) sikyat; (3) sikològ nivo doktora, (4) asistan doktè/enfimyè pratikan, oubyen (5) enfimyè sikyatrik ki aktyèlman ki lisans kapab ranpli fòmilè sa a.
- Si timoun nan anwole nan Entèvansyon Bonè, Direktè Entèvansyon Bonè a te mèt ranpli fòmilè sa a.
- Si timoun nan anwole nan yon lekòl publik epi li sou yon Plan Edikatif Endividyalize (*Individualized Education Plan*) (IEP), Direktè Edikasyon Espesyal la kapab ranpli fòmilè sa a. Fok Direktè Edikasyon Espesyal la adrese **poukisa lekòl publik la pa oblige bay sipò jounen pwolonje oubyen tout lane kòm yon pati nan IEP timoun nan.**

¹ Gade 45 CFR 98.20 ak 606 CMR 10.04.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF CHILD
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL TIMOUN**

1. Wòl ou kòm pwofesyonèl (*tcheke youn – sèlman pwofesyonèl nan wòl ki anba isit yo kapab ranpli fòmilè verifikasyon sa a*):

- Doktè Sikyat Psikològ
 Enfimyè Pratikan Enfimyè Sikyatrik Asistan Doktè
 Direktè Pwogram Entèvansyon Bonè (**fok** yon IFSP aktyèl pou timoun nan atache)
 Direktè Staf Edikasyon Espesyal (**fok** yon IEP oubyen plan 504 aktyèl pou timoun nan atache)

2. Non Timoun nan: _____ Dat Nesans: _____

Si fòmilè sa a ranpli pa yon Doktè, Sikyat, Psikològ, Asistan Doktè, Enfimyè Pratikan oubyen Enfimyè Sikyatrik, fok li repòn kesyon 3 a 5:

3. Depi konbyen tan w ap trete pasyan sa a? _____

4. Chak konbyen tan ou wè pasyan sa a:

- chak jou chak semèn chak mwa lòt (presize frekans) _____

5. Tanpri deklare dat apwoksimatif ke andikap/bezwен espesyal la te komanse: _____ EPI
endike konbyen tan ou kwe kondisyon an ta sipoze dire:

- Pèmanan Omwens 1 lane, men pa pèmanan 6 mwa a 1 lane 6 mwa oubyen mwens

Fok Kesyon 6 ranpli kèlkeswa kalite pwofesyonèl k ap ranpli fòmilè sa a:

6. Dokimantasyon obligatwa ki pou atache a fòmilè verifikasyon sa a:

- Yon lèt sou papye ak antèt ofisyèl pou pwofesyonèl k ap ranpli fòmilè sa a ki bay enfòmasyon sou andikap/bezwен espesyal timoun nan. Fok lèt sa a adrese tout nan pwen swivi yo:
- idantifikasiyon andikap/bezwен espesyal timoun nan;
 - eksplikasyon sou relasyon an ant andikap/bezwен espesyal la ak kantite tan ki rekòmande pou swen timoun, ki enkli kantite jou pa semèn ak èdtan pa jou (egzanp, plis pase 6 èdtan pa jou oubyen mwens ke 6 èdtan pa jou); ak
 - eksplikasyon sou kijan timoun nan pral benefisyè de anwòlman nan yon pwogram edikasyon bonè ak/oswa swen ki deyò lè lekòl. Pou objektif demontre benefis la pou timoun nan, EEC atann yon deklarasyon konsènan kòman pwogram nan pral genyen yon enpak pozitif ak/oswa amelyore andikap/bezwен espesyal timoun nan. Si se yon Direktè Entèvansyon Bonè oubyen Direktè Edikasyon Espesyal k ap ranpli fòmilè sa a, fok lèt la **konfime kijan IFSP a, IEP a oubyen Plan 504 ensifizan ak/oswa kòman swen timoun EEC bay la pral siplemente** sipò Department of Elementary and Secondary Education or Department of Public Health bay.

THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF CHILD
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL TIMOUN

7. Si se yon Direktè Entèvansyon Bonè te ranpli fòmilè sa a, tanpri atache IFSP aktyèl la pou verifye patisipasyon aktif nan Entèvansyon Bonè.
8. Si se yon Direktè Edikasyon Espesyal ki te ranpli fòmilè sa a, fok li bay yon IEP ak/oswa Plan 504 aktyèl pou verifye patisipasyon nan yon pwogram Edikasyon Espesyal publik.

Siyati pwofesyonèl la: _____ Dat: _____

Tanpri enprime

Non: _____ Tit: _____

Adrès: _____ Telefòn: _____

Tanpri remake yon reprezantan EEC kapab kontakte w pou verifye enfòmasyon sa a. EEC konsève dwa pou refize oubyen rejte yon reklamasyon de andikap/bezwén espesyal si fòmilè verifikasyon an ak/oswa attachman obligatwa yo enkonplè oubyen detèmine kòm inadekwa. Si w ta gen nenpòt kesyon oubyen enkyetid, tanpri kontakte Inite Èd Finansye a nan EEC (617-988-6600).

SEKSYON II: DISTRIBISYON DE DOSYE MEDIKAL (se pou Paran an ranpli sa a)

Mwen ap chache edikasyon bonè ak swen tan-plen nan Department of Early Education and Care baze sou andikap/bezwén espesyal ptit mwen. Mwen otorize pwofesyonèl la (*kategori yo pi wo a*) ki idantife nan Seksyon I pou li distribye enfòmasyon yo mande sou fòmilè sa a pou moun swivi a:

_____. Epi tou mwen otorize pwofesyonèl la pou l' pataje dosye medikal oubyen lòt enfòmasyon sou andikap la ak/oubyen bezwen espesyal la ki endike nan Seksyon I avèk Administratè Sibvansyon an ak/oubyen EEC, pou detèmine elijibilite pou èd finansye pou swen timoun. An plis mwen otorize Administratè Sibvansyon an ak/oubyen EEC pou yo kontakte pwofesyonèl ki idantife nan Seksyon I pou verifye enfòmasyon ki founi sou fòmilè sa a epi diskite dyagnostik li de yon andikap/bezwén espesyal **jan li aplike pou bezwen pou sèvis edikasyon bonè ak swen services**.

Fòmilè sa a otorize pwofesyonèl la pou l' distribye majorite nan enfòmasyon medikal oubyen sante ak eksepsyon swivi a. Pwofesyonèl ki idantife nan Seksyon I an pa kapab divilge enfòmasyon medikal oubyen sante swivi, sof si mwen otorize tel divilgasyon spesifikman. Tanpri tcheke bwat pou chak atik anba si w spesifikman otorize pwofesyonèl la pou l' pataje enfòmasyon ki dekri ladan l la.

- Mwen otorize pwofesyonèl ki idantife nan Seksyon I pou l' pataje enfòmasyon sou estati AIDS/HIV.
- Mwen otorize pwofesyonèl ki idantife nan Seksyon I pou l' pataje enfòmasyon sou itilizasyon de dwòg oubyen alkòl.
- Mwen otorize pwofesyonèl ki idantife nan Seksyon I pou l' pataje enfòmasyon sou andikap psikolojik/sikyatrik yo.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF CHILD
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL TIMOUN**

Mwen konprann ke distribisyon dosye medikal sa a valab pou youn lane apati dat mwen siyen anba a, sof si mwen te anile distribisyon an alekri avan li ekspire.

Mwen konprann ke mwen kapab anile distribisyon dosye medikal sa a nenpòt moman si mwen voye yon lèt bay pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I.

Epi tou mwen konprann ke, menm si mwen anile distribisyon sa a, pwofesyonèl la pa kapab reprenan okèn nan enfòmasyon li te pataje ak Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC pandan li te gen otorizasyon pou l fè sa.

An plis de sa, mwen konprann ke desizyon mwen pou m otorize pwofesyonèl ki idantifye nan Seksyon I pou l pataje enfòmasyon medikal ak Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC volontè. Sepandan, mwen konprann ke si mwen pa otorize pwofesyonèl la pou l pataje enfòmasyon medikal ak Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC, yon detèminasyon konsènan andikap ak/oswa bezwen espesyal ptit mwen pa kapab fèt epi yo pral deside elijibilite ptit mwen pou èd finansye pou swen timoun san konsiderasyon de andikap oubyen bezwen espesyal ki deklare a. Mwen konprann ke EEC kapab refize oubyen rejte reklamasyon sa a de andikap/bezwен espesyal si fòmilè verifikasyon an ak/oswa attachman obligatwa li yo enkonplè oubyen detèmine kòm inadékwa.

Siyati paran: _____ Dat: _____

Tanpri enprime

Non paran an: _____ Non & laj timoun nan: _____

Adrès: _____ Telefòn: _____

Dezyèm Paran an: _____

Adrès (si li diferan ak lòt pi wo a) _____ Telefòn: _____

**FÒMILÈ SA A DWE RANPLI KONPLETMAN EPI SE POU W REMÈT LI BAY ADMINISTRATÈ SIBVANSYON W. EPI
TOU NOU KONSEYE POU PWOFESYONÈL MEDIKAL LA AK PARAN AK KENBE YON KOPI FÒMILÈ SA A POU
PWÒP DOSYE PA L YO.**

**NENPÒT LÒT TIMOUN AN PLIS NAN KAY LA, KI PA IDANTIFYE KÒM YON TIMOUN AK BEZWEN ESPESYAL,
PRAL GENEY BEZWEN SÈVIS LI BAZE SÈLMAN SOU ELIJIBILITE PARAN POU BEZWEN POU SÈVIS TAN-PLEN
OUBYEN TAN-PASYÈL.**